ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№194 (22.602) • 2013 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 5, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghegazale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхуки Э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэтащ Іэр илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, щІэблэр гъэсэныгъэ зэрыщыгъэр куэд зэрыхащІыхьам папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыж

Бейтыгъуэм Эмиль БытӀи и пхъум

Дау Людмилэ Александр и пхъум - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым щыщ «Сэрмакъ хуаажь жылагъуэм курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и школ №1» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапі эм урысыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэм;

щІэ лъапІэхэр яфІэщыж:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» иІэр

Габуниа Зинаидэ Михаил и пхъум - «Бэрбэч Хь.М. и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ зыхьщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм Филологическмкі э институтым урысыбзэмрэ бзэ щІэныгъэхэмкІэ и кафедрэм и профессорым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджныгъэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» иІэр

Абрэдж Тамарэ Іэзэрщей и пхъум - «Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм егъэджныгъэмкІэ и управленэ» муниципальнэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым

Рудак Наталье Анатолий и пхъум - «Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм егъэджныгъэмкІэ и Іэтащ Іэр иІуэ ленэ» муниципальнэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым

Скляровэ Татьянэ Алексей и пхъум - «Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм егъэджныгъэмкІэ и управленэ» муниципальнэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым

Шишко Валерий Алексей и къуэм - «ЕджакІуэхэм я щІэныгъэ-техникэ творчествэмкІэ республикэ центр» сабийхэм щІэныгъэ гъэдэкІ рагъэгъуэт къэрал кІэзонэ еджапІэм щІэныгъэ гъэдэкІ егъэгъуэтыныгъэмкІэ и егъэджакІуэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ» иІэр

Балэ Хъусен Хьэутий и къуэм - Налшык къалэ округым и «Лицей №2» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ еджапІэм физикэмкІэ и егъэджакІуэм

Чочаевэ Нажабат Хьызыр и пхъум - Шэрдж муниципальнэ районым щыІэ «Мечиев Кязим и цІэр зэрихьэу Безенги къуажэ жылагъуэм щыІэ курыт еджапІэ» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапі эм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м
№145-УГ

Егъэджакіуэм и махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен егъэджакІуэхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Си ныбжьэгъу льапІэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджакІуэхэм си гуапэу сыныбжьэхьэу а Іэщ Іагъэм ирилажьэхэм фи махуэшхуэмкІэ - Егъэджакіуэм и махуэмкІэ.

Нобэ дэ догъэльапІэ егъэджэныгъэм и лэжьакІуэхэр, щІэблэр егъэджэныгъэ гъэсэныгъэ кьалэн льапІэр зыгъэзащІэхэр, я Іэщ Іагъэм зэрыхуэІэхэмкІэ инкІи абы зэрыхуэпэжьымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэхэщІыкІыр зыгъэбагъуэр.

Егъэджэныгъэм зегъэужьыныр, егъэджакІуэм зыщІэгъэкъуэныр дэ кьыдольитэ социально-экономикэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу. Илэжьилэнкі э абы и кьэкІуэнкр е ебытащ, ар республикэм и экономикэм и иджыкреі льабжьэмрэ цІыхухэм я зэхэщІыкІымрэ я кьежьапІэщ.

Иджыпт дунейр хьыхьащ акьылкІэ лажьэхэм я мыхьэнэм, информацэмрэ абы екьэлІа технологиехэмрэ я мыхьэнэм щыхэхьуэ лъэхъеэнэм. ЦІыхум и зэхэщІыкІыр ефІэкІыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ хьу эрыпщ. Абы кьыхэкІыу дэ фІэкІыпІэ имыІэу ебытпэщытщ XXI лІэщІыгъуэм кьигъэувэкр дзгъэкІыныжкІэ сэбэн хъун егъэджэкІэ зэтедгъэувэну, а щІыкІэм тету ди зэфІэкІкэр тхьумэну инкІи дгъэбыдэну. Егъэджэныгъэм зегъэужьыным пыщІа кьалэнхэр дзгъэкІыным апхуэдэ щыкІэкІэ дыщыбгъэдыхьэм деж дэ зыщыщІгъэгъупщэркъым адрей кьалэн нэхъыщхьэхэри - цІыхум и зэхэщІыкІым зегъэужьныкІэ, гуманитар фІыгъуэхэр, тэмакъыкІыхьагъыр зэтегъэувэныр, зи хэкур фІыуэ зылььагъу цІыху гъэсэныр.

Дэ кьыдгурОлуэ егъэджэныгъэр кьэралым тэмэму димыІыгъмэ, абы КЪБР-м и Правительствэм гульитэ нэс хуимыщІмэ, зыхъуэдгъэувыжа кьалэнхэр зэрытхуэзэфІэмыгъэкІыныр. Егъэджэныгъэм и Іэнатіэм зэпымыІуэу ди нэІэ тедгъэтыпхуэ, псом ящІэу ебытащ абы ахьшэкІэ дыдэрыдэІэпыкьыр. Дэ долэжь, дяпэкІи делэжьынуэ республикэм и егъэджэныгъэм и Іэнатіэм пэрытхэр кІэхэмыщтыкІыжьу, гуныкьуэгъуэншэу псэун, абыхэм екъулІэныгъэ инхэр кьахьын папщІэ.

Республикэм и педагогхэм узынщагъэ быдэ, мамырыгъэ, ефІэкІуэныгъэ яІэну, дыщалъхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым фІыгъуэ иІэным хуэунэтІа лэжьыгъэм екъулІэныгъэхэр кьыщахьыну сохъуэхъу.

Къэрал советым и зэІущІэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен хэтащ Урысей Федерацэм и Къэрал советым дыгъуасэ Кремлым щригъэкІуэкІа зэІущІэм. ЗэІущІэр зытеухуауэ щытар бюджет ахъшэр тэмэму къэгъэсэбэпыныр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КъБР-м и Іэтащхьэр «Урысей зэкъуэтым» и съездым хэтщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ, «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт Къанокъуэ Арсен мы зэманым партым Москва щриІэкІуэкІ съездым хэтщ.

А ЗЭХЫХЬЭШХУЭМ кІыщащІыгъжьынущ нужьыдІ зэманым ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу съездым щаубзыхуэнущ къэкІуэну зэманым партым и стратегиер зыхуэдэу щытынур.

Ящэ махуэтІым делегатхэр тепсэтыхьхащ съездым къыщыхалъхьа Іуэхухэм. Ещанэ махуэм съездым и лэжьыгъэм щыпищэнущ Сату пщІантІэм (Гостинный двор). Абы доклад щиІэнущ партым и тхьэмадэ Медведев Дмитрий. Апхуэдэу ар щІыналъэхэм я унафэщІхэми яІущІэнущ.

Парт съездым и лэжьыгъэм хиубыдУ Урысей зэкъуэтым» и тхьэмадэр жэпуэгъуэм и 5-м щІыхьэм я жылагъуэ екІуэлІапІэхэм я унафэщІхэм яхуэзэнущ.

КъыдэлэжьащІэ, мы съездым «Урысей зэкъуэт» партым и уставым зэхъуэкІыныгъэ щІхьэхуэхэр щыхалъхьэнущ, апхуэдэу партым и унафэщІ органэр щыхахынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

БОЗИЙ Натбий:

Нэхъыщхьэр цІыхухэрщ, абыхэм я Іуэхухэр дэгъэкІынырщ

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм и секретарь Бозий Натбий тепсэльыхьащ партым и XIV съездым япэ махуэм зэфІигъэкІа лэжьыгъэм. А махуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегацэр хэтащ хэхыныгъэхэр кьызэрызэрагъэпэщам, ахэр фокладэм и 8-м зэрырагъэкІуэкІам, апхуэдэу УФ-м и субъектэм законэр кьыдгъэзыгъэкІ и органэм зэрыгъэпэщам, ахэр фокладэм и 9-м зэрырагъэкІуэкІам, апхуэдэу УФ-м и субъектэм законэр кьыдгъэзыгъэкІ и органэм и фракцэхэм щыІэ фракцэхэм зэфІагъэкІхэм щыхэпльа секцэм.

«Махуэ псом дэ зэхуэтІуэтащ партым и кьызэгъэпэщыкІэр, абы и кьудамэу щІыналъэхэм щыІэ хэхакІуэхэм, цІыху псоми зэрадгъажьэр, УФ-м и субъектхэм зэраконэр кьыдзэзыгъэкІ я органхэм и фракцІызэфІагъэхІхэр. Къэпсэлъахэм щІапІэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ кьызэрагъэпэщащ. Проценти 30,6-р бззэрхэмрэ жармыкІэхэмрэ хуоэз.

Щышылэ-щыщхьэуІу махэзэхэм, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ, ерыскьыпхъэу, псырэ тутынхэкІыу проценти 3,5-кІэ, хьэпшыпІ эмыІэужьыгъуэу проценти 4,3-кІэ нэхъыбэ ящащ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● Си еджапІэ - си къежьапІэ ■ Пшыхьэр ■ Малъхъэдис

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, радио нэтынхэр ■ Щэбэт кьыдэкІыгъуэ

● ЗэІущІэхэр

Зеиншэхэм папщІэ псэупІэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэныкІэ зэзыгъэуІу зэхьэхьэмрэ республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъэшагъэмкІэ зэгъусэу кьыдзэрагъэпэща я зэІущІэр иригъэкІуэкІащ КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъэшагъэмкІэ и советым и Секретарь Ещыгуауэ Руслан.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым КъБР-м кьегъэщІылІа и федеральнэ инспектор Канунников Владимир, хабзэхьуэмэ ІэнатІэхэм, гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я щІыналъэ Іуэхущ Іапі эхэм, КъБР-м и Правительствэм и ІэнатІэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэр.

Зэ І уЩІэм кьыщыІэІуихым Ещыгуауэ Руслан кьыхигъщхьэхуэкІащ зи чэзу а зэхьэхьэр КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен кьаІэрыхуигъэувам тету кьыІэзэрыгъэрагъэпэщар. Зытепсэльыхьа Іуэху нэхьыщхьэхэм ящыщщ УФ-м и Суд приставхэм я федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр. Ещыгуауэ Руслан жиІащ а Іуэхум тепсэльыхьыну УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм кьыдзэрыхьилъхьар. Полномочнэ лыкІуэм и аппаратым кьызэрипщытам кьигъэльэгъуащ суд приставхэм я Іуэхущ Іапі эу КъБР-м щыІэм лэжьыгъэ хъарзынэ зэрыгъэлъэкІыр. Кьапщтэмэ, суд унафэхэр гъэзэщІэным хиубыдэу 2013 гъэм и япэ мазихым республикэм и суд приставхэм налогхэмкІэ илъэс пчанэ и процент 58,2-р, зыхъуэфащэ полномочиехэр зиІэ органхэр зэрегъэхьэкуа ахьшэмкІэ проценти 103,8-р кьыхахащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Іуэлъхъэ зэрыпсэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр зэраІэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъэзагъэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

● АПК

Тонн мелуан я плъапІэщ

лІам, къэкІыгъэхэр егупуу зэрызэрахьам и фІыгъэкІэ, республикэм и тхьідэм кьыщымыхьуауэ гъавэ бзэ мы гъэм кьыдахьуІэну дыпопльэ. КІэртІофми, хадзэкІэхэми, пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракІуэхэмри затедгъэгуэркъым. Иджы аехр хэкІуэдыкІыншэу кьекьлэІэжьымкІи инкІи хъуэныным ди кьарур етхьэлІэн хуеищ, - кьыхигъэщащ мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Кьаздахьэ Альберт етІуанэ зэпсэуэр зэрекІуэкІым и гугъу щищым.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Проценти 3,9-кІэ нэхъыбэ

● Сату

Къэбэрдей-Балъкъэрстатыр и тегъэщІапІэу, Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ министерствэм макроэкономикэмкІэ и кьудамэм и Іэщ Іагъэлі-эксперт нэхъыщхьэ Кьер Залинэ и кьызэрыджІамкІэ, мы гъэм и щІышлэ-щыщхьэуІу мазэхэм республикэм и розницэ сатум и Іэнатіэхэм сом мелард 53-рэ щыІэбгащІ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 3,9-кІэ нэхъыбэщ.

Нэхъапэми хуэдэу, ящам и нэхъыбэр - процент 52,5-р - хьэпшыпІ, процент 47,5-р ерыскьыхэкІщ.

Зи гугъу тщІы зэманым розницэ сатум и процент 69,1-р щыІэ хэхахэр (бззэрхэм хэмыту) зыгъэлажьэ Іуэхуу-кІащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 3,9-кІэ нэхъыбэщ.

Щышылэ-щыщхьэуІу мазэхэм, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ, ерыскьыпхъэу, псырэ тутынхэкІыу проценти 3,5-кІэ, хьэпшыпІ эмыІэужьыгъуэу проценти 4,3-кІэ нэхъыбэ ящащ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

ЩІыкІафІэрэ Іущу

● Хъыбар гуапэ

Жэпуэгъуэм и 1-4 - хэм Мейкъуэпэ щекІуэкІа «Адыгэ пщащэ-2013» дунейпсо фестиваль-зэпеуэм и кІэух зэІущІэр дыгъасэ Адыгейм и Къэрал филармонием щызэхэтащ, Еутых Іэсият и Іэдакъэ кьыщІэкІа сом мелуанитху и уасэ тажьр зыІэрагъэхьэ папщІэ зэпеуащ Сауд Хъэрыпым, Сирием, Абханем, КъШР-м, КъБР-м, Краснодар крайм, Москва къалэ кьыкІа пщащэ 21-рэ.

УНЭТІЫНЫГЪЭ зэмылІэужьыгъуэу зэщхьэщыхуэр екІуэкІа зэпеуэм хъыджэбзхэм щагъэлъэгъуащ щІуриІ анэдэлъхубзэм и шэрыуагъыр, хабзэ зэрахэлъыр, я акъылым и жанагъыр, щІыху хэтыкІэ зэращІэр, хъуэрыбзэкІэ щІалэхэм зэрепсэльэфыр, адыгэ шхыныгъэхэм я пщащэфІыкІэр зэращІэр, кьызыхэкІа льэпкъым и тхыдэм зэрыщыгъуазэр, гъащІэм зэрыхуэІуущыр, иджырей зэманым декІуу зэрыпсэуфыр.

А псоми кьэпщІакІуэхэр кьабдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъа нэужь, «Гран-при» саугъэтыр хуагъэфэщащ Москва кьыкІэ **Кукуэнэ Бэлэ.** Абы кьыкІэлъыкІуэ япэ вице-мисс хьуа пщащэ щІыкІафІэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Щомахуэ Залинэ,** етІуанэ вице-мисс хьуащ КъШР-м щыщ **Дэбагъуэ Майе.**

Пщащэхэм утыку щагъэлъэгъуа, адыгэ хъыджэбзым хэлъын хуей щэн дахэмрэ Іущагъымрэ кІэлъыплъащ Адыгей къэрал университетым и доцент, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Унэрокъуэ Мирэ** (кьэпщІакІуэхэм я унафэщІщ), Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд,** АР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Унэрокъуэ** КІэрыІуэ **Сэтащ Юрэ,** УФ-м и Суратыщ-хэм я союзым хэт, КъБР-м щыщ цІыхубэ Іэпщ Іэльапщ Іэ **Мэстафэ Вячеслав,** «Адыгейм и тхьэІуХууд», «Мейкъуэпэ и мисс» зэпеуэхэм я унафэщІ **Щхьэщокъуэ Баязит,** нэгъэущІэкІэри.

Фестиваль-зэпеуэм кърихьэлІащ Адыгэ Республикэм и премьер-министр **КумпІыл Мурат,** АР-м и япэ президенту щыта **Джарым Асльан,** АР-м и ТхакІуэхэм я союзым и унафэщІ **Мэщбащ Іэ Исхьакъ** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Зыхуэдэ щымыІэ хъыджэбз щІыкІафІэу, пщащэ Іущу, зэчий зыбгъэдэлъ цІыху жану, дней тетыкІэ зыдэплъагъу кьэщэн гуакІуэу зэпеуэм зыкъыщигъэльэгъуащ ди лэжьэгъу Щомахуэ Залинэ. КьэпщытакІуэхэми, зэІущІэм кьихьэлІэхэми кьыхагъэщащ абы адыгэбзэ дахэ зэрыІурыльыр, и ныбжьым хуумыгъэфэщэну зэрыІущыр, зэгъкІыам щымыгъупщэн набдзэ кьурашэрэ щІакІуэм и щхьэщ фІыцІэ Іуврэ зытелъ тхьэІухуду зэрыщытыр. УнэтІыныгъэ псори нэхъыбІ дыдэхэм хабжэну кьызэзыпжкІа Щомахуэм игъэзэщІа «Уэркъ кьафэ»-р кьызэхуэса псоми гуІэфІтещІэж ящыхьуат. «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и тхьэмадэ ІутІыж Мэжид хуритащэ адыгэ бостейращ абы кьыщыфэм щыгъар. Ар фащэ щІыкІэу ядат, езы Залинэ и анэшхуэм и дыжьын бгъэІуЛъыр тедарэ дыжьын бгырпыхьр щІэлъыжу.

Зэпеуэм зыхуэзыгъэхьэзыра адыгэ пщащэ нэхъ дахэхэмрэ нэхъ губзыгъэхэмрэ я нэхъыфІыр кьыхэпхьыр тынштэкІыж. Ауэ зэхьэзэхуэ щыхъуКІэ, арынщауэ хъурэт?! Кьыхэжаныкіаехр ягъэнаІуэри, абыхэм зыкІи емыфэгъэкІ адрей кьыджэбзхэри хэт нэхъ щІыкІафІэу, хэти нэхъ Іэпэлъэсэу, хэти нэхъ хабзэзэхуэу кьыхагъэщащ. Кьэбэрдей-Балъкъэрым икІа Іуэхущ Іысокъуэ Джульеттэ «КъэфакІуэ пщащэ» щІэр кьыфІащащ, Кул Марьянэ «Пщащэ нэфІэгуфІэ» хъуащ.

Я дахагъымрэ губзыгъагъымрэ насыпэ куу кьаХуэдэкІуэну дохъуэхъу фестиваль-зэпеуэм хэта дэтхэнэ зы хьыджэбзми!

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 5, щэбэт

♦ЕгъэджакІуэм и дунейпсо махуэщ

♦ Уголовнэ розыскым и лэжьакІуэм и махуэщ

♦1914 гъэм япэу хьэуам щыІэзэуащ. Уэгум щыІэзэрихьэлІат франджы, нэмыцэ кьхъухьлъатитІ.

♦1917 гъэм Владикавказ, Налшык округхэм я лыкІуэу Советхэм я XI урысейпсо съездым ягъэкІуат Киров Сергей.

♦1990 гъэм Адыгэ Республикэр кьызэрагъэпэщащ.

♦Генерал-лейтенант, УФ-м и ВВС-м и командующэм и къудэзэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Быж Айтэч** кьызэралъхурэ илъэс 63-рэ ирокьу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, 2006 - 2009 гъэхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Дзэмихь Кьасболэт** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокьу.

♦1980 гъэм Москва щекІуэкІа Олимп Джэгухэм волейболымкІэ чемпионкэ щылъхьа **Ахэмын Еленэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градусиІ 8 - 9, жэщым градусиІ 5 - 7 щыхьунущ.

Жэпуэгъуэм и 6, тхьэмахуэ

♦Псэущхьэхэмрэ кьэкІыгъэхэмрэ зыщажь щІыпІэхэр хъуэныным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей страховщикым и махуэщ

♦Москва областым и махуэщ

♦1768 гъэм Туркым Урысейм зауэ кьрищІылІащ.

♦1977 гъэм «Миг-29» зэребгъэрыкІуэ кьхъухьлъатэ псынщІэр япэу льэтащ.

♦Краснодар крайм и къэрал лэжьакІуэ, политик, социологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Харитонов Евгений** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокьу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик и Іэнатіэ **Аэмэн** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокьу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатымкІэ, Налшык уфаУ щыщытынущ, уэшх кьыщеихынущ. Хуабэр махуэм градусиІ 6 - 8, жэщым градусиІ 5 - 7 щыхьунущ.

Жэпуэгъуэм и 7, блыщхьэ

♦Дохутырым и дунейпсо махуэщ

♦Архитектурэм и дунейпсо махуэщ

♦1918 гъэм Даутокьуэ-Серебряковэ и дзэм Налшык иубыдащ.

♦1920 гъэм Кембридж университетым (Инджылыз) япэу цІыхубзхэр щигъэпЫсьхьэу щидзащ.

♦1959 гъэм «Луна-3» совет станцым Мазэм дымыльагъу и адрей лъэныкъуэм сурэт трихащ.

♦РСФСР-м и цІыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Пыхьужь Алий** кьызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокьу.

♦Урысей Федерацэм и Президент **Путин Владимир** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокьу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градусиІ 6 - 9, жэщым градусиІ 6 - 7 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Мариэтэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЗыхуащІэ нэхърэ - зыхуэщІэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къаІэрылъхьну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трегъэдэзнымкІэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу Іэ щІэзыдзхэм я Урысейпсо махуапщІ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІ 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 8-18-хэм. А зэманым газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэзыдзхэм уасэхэм зыкІэрагъэхунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щытеидзэ хъунущ республикэм связымкІэ и Іуэхущ Іапі э псоми.

«Урысейм и почтэ» ФГУП-м и къудамэ - КъБР-м и УФПС.

Зеиншэхэм папщIэ псэупIэхэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Апхуэдэу щыт пэтми, округым и унафэщIэр тогуэзвыхь икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэ лэжьыгъэу щыIэхэри зэрымымащIэм. Абыхэм ящыщщ сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм я жьауэм щIэмытыжу кьэна сабийхэм псэупIэхэр етыным теуху уа суд унафэу суд приставхэм ягъэззэщIэн хуейуэ кьаIэрыхьэхэм я бжьыгъэм зэрыхэхъуэр, апхуэдэ Iуэхуу зэфIамыгъэкIыфу кьаиэхэрэн нэхъыбэ зэрыхьэр.

КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьаIэнхэр зыгъэзащIэ Марьяш Иринэ жиIащ а кьаIэныр Правительствэм ящэ дыдэу дигъэкIын хуейхэм ящыщу республикэм и Iэтащхьэм кьыхэригъэнащ. «Сабий зеиншэхэм псэупIэхэр яхуэхъыбгъэ ирегъэкIуэдэн папщIэ 2013 гъэм федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу КЪР-м сом мелуан 43,8-рэ кьыхуэуты IыщащI, республикэ бюджетым и ахъщэуи абы сом мелуан 29,8-рэ хуэхах. Апхуэдизу ахъщэм кьыщIэкI унэхэр кьащхуэмэ, псэупIэ хуэныкIуэ сабийхэр процент 15-кIэ нэхъ мащIэ хъунущ», - жиIащ Марьяш Иринэ икIи кьыхиригъэщхьэхуIащ сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ кьыхэзгъэпэщыным тригъэкIуэдэн ахъщэ 2014 гъэм республикэм и бюджетым зэрыщыхуэхьэр.

Зи чэзу Iуэхугъуэхэм кьадэкIуэу, КЪР-м и Iэтащхьэм пщэрыль кьаэзрыщIыам тету, зэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ нэгъуэщI кьэралхэм я цIыхуэху административнэ унафэкIэ Урысей Федерацэм и щIыналъэр кьызрагъэбгъынэн хуейкэр щIыгъыну Iуэхущ IапIэ щхьэхуэ республикэм кьащIызэгъэпэщыным. Апхуэдэ Iуэхущ IапIэхэр УФ-м и субъектхэм ядкьыпсту кьащIызэIуахэ кьэралым и Президентым кьыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ. А Iуэхум теуху зыхуэфащэ законыр КЪР-м и Парламентым кьиштауэ щытащ 2012 гъэм и гъатхэпэ мазэм. Абы ипкъ иткIэ а гъэ дыдэм и щIыкIуэгъэ мазэм кьызэрагъэпэщащ нэгъуэщI кьэралхэм я цIыхуу е гражданствэ зимыIэ цIыхуу Урысей Федерацэм и щIыналъэм ираугъэкIыжьын хуейхэр IапIэзкIэ щыIэгъ центр. Мы гъэм Прохладнэ районым щагъэбелджылащ центрыр кьащIызэIуахьыну унэ, псори зэхэту метр зэбгъуэзнатIэ 544-м нэблагъэ. Хуей хьумэ, абы зэуэ щыIэ хьунущ нэгъуэщI кьэралхэм я цIыхуу е гражданствэ зимыIэ цIыхуу 40-м нэблагъэ.

КЪР-м ЦIыхуэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыныкIэ и кьэрал комитетым и унафэщI ТхьэтIалэдж Зубер зэрыжиIамкIэ (а комитетыщ центрыр кьызэгъэпэщыныкIэ полномочиехэр зратар), нэгъуэщI кьэралхэм щыщ цIыхуэхэр IапIэзкIэ щаIыгъыну центрыр Налогхэмкlэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и органхэм щегъэтхьныр зэфIокI. Мы унэр зыхуэI хуагъэзэн папщIэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIыну кьащIыхахьну сату зэпеуэр мыгувэу кьызэрагъэпэщынущ.

ЗэIущIэм хэтахэм дальгъащ мы Iуэхур кIэлъыплъныгъэ хэкам щIэгъэувэным теухуауэ Марьяш Иринэ кьыхилъхьар. Правительствэм и Унафэщым и кьаIэнхэр зыгъэзащIэм кьыхигъэщхьэхукIащ лэжьыгъэхэр зэрыригъэкIуэкIыну щIыкIэр, ахэр щызэфIагъэкIыну пIалъэхэмрэ пыухыкIауэ жэуап зыхь цIыхуэхэмрэ кьащIыгъэльэгъуауэ, зэман благъэм зэраубгъэхьунур.

ЗэIущIэм апхуэдизу щытепсэлъыхьащ «Хабзэм кьемызэгъыу мыльку зэрызыIэрагъэхьэм, терроризмэм ахьшэкIэ зэрыддэIэпкъым пэщIэтыным и лъэныкъуэкIэ гъэззэщакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ кьудамэхэр, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэр, гражданхэм жылагъуэ Iуэхущапlэхэр, фейдэ зыIэрыгъэзэным темылажьэ Iуэхущапlэхэр зэдэлэжьэныр кьызэгъэпэщыным».

Зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэ псоми ятеухуа унафэхэр кьащащтэм зэIущIэм хэтахэм кьапсэльаэхэмрэ абыхэм кьыхахьа Iуэху пыухыкIахэмрэ я кьальытащ.

КЪР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэ.



● Къэрал Iуэхущапlэхэм

Унэ кхъахэхэм щIэсхэр къыщIагъэIэпхъукIынущ

КЪР-м Энергетикэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкlэ и министерствэм щрагъэкIуэкIащ республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я лЫкIуэхэмрэ ухуакIуэ организацхэм я унафэщIхэмрэ кьызрихьэлIа зэIущIэ. Абы щыгъпсэлъыхьащ мы гъэм хьэзыр ящIын хуейуэ унэхэм мы зэманым зэрелэжьаным. ЗэIущIэм кьыщыщIпсалъэм, министр Хьочкуанов ТIэхьир подрядчикхэм яхуигъэзащ Къэбардей-Балькъэрым щыпсэухэу унэ зэкIэлъымыкIуэхэм щIэсхэр 2013 гъэм кьащIагъэIэпхъукIыным хуэгъэзауэ ящI псэупIэхэм дяпэкIэ сменитуIу елэжьыну.

УНЭ кхъахэхэм кьащIагъэIэпхъукIынухэр щIагъэтIысхьэнущ Нарткъалэ Iэщнокъуэм и цIэр зэрихьэу щыIэ уэрамым фэтэр 12 хьэуу тращIыхь унэм. Апхуэдэу зи псэупIэр зэкIэлъымыкIуэхэм папщIэ Майскэ кьаIэм и Парк уэрамым щауху фэтэр тIурытI хэту уинбл, фэтэрищ хьэу нэгъуэщI зы унэ. Прохладнэ кьалэм Береговой и цIэр зезыхьэ и уэрамым дэтхэнэри фэтэр 16 хьэуу тращIыхь унитIым я етIуанэ кьатхэр драгъэкIуей. Ерокъуэ кьуажэм Мэсеим и цIэр зезыхьэ и уэрамым тращIыхь фэтэритI хьэуу зы унэрэ дэтхэнэри фэтэрилI хьэуу уиплIэ. Абыхэм псоми щIэтъкъуэгъэжьауэ йолэжь, ауэ унашьхэхэр тралъхьэу щыхуежьар Ерокъуэ кьуажэм и закъуэщ.

«Ди цIыхуэхэр псэупIэ зэпэщхэм щIэтIысхьэжьын хуейщ Къэбардей-Балькъэр Республикэмрэ Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэр зэкъуэщIэрэзэжьыным телажьэ фондымрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм кьыщыгъэльэгъуа пIалъэм - 2013 гъэр имыуэхуI», - жиIащ министрым.

КЪР-м Энергетикэмкlэ, псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● Къулыкъухэр

Прокурорхэр ягъэув

Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм 2013 гъэм фокIадэм и 23-м кьыдигъэкIа унафэ №852-к-мкIэ Налшык кьаIэм и прокурору ягъэуващ юстицэм и чэнджэщзэгъ нэхъыжь Льостэн Залым Хьэрит и кьуэр.

Льостэн Залым Аруан районым кьихьэ Псыгуэнэу кьуажэм 1965 гъэм фокIадэм и 30-м кьащIалъхуащ. Ломоносовым и цIэр зезыхьэ Мэзкуу кьэрал университетыр кьыщIухуа 1992 гъэм Аруан районым и прокурорым и дэпIыкIуэгъуэ лэжьэн щIидзащ. Иужькlэ Аруан районым и прокуратурэм и следователу, республикэм и прокуратурэм следствэмкIэ и управленэм мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхуэр зэхэгъэкIынымкIэ и кьудамэм и следователь нэхъыжьу, Налшык кьаIэм и прокурорым и кьуэдзэу, Аруан районым прокурорэу, республикэм и Iэнатlэхэм щIэпхъаджагъэхэр зэрыщIэхагъэкIым кIэлъыплънымкIэ кьудамэм и унафэщIу лэжьащ. 2010 гъэм и фокIадэм кьыщыщIэдзауэ 2013 гъэм и бадзэуэгъэу пщIондэ УФ-м Следствиемкlэ и комитетым и Къэбэрдей-Балькъэр Iуэхущапlэм и кьудамэхэм кьулыкъу щищащ. 2013 гъэм и бадзэуэгъэу лъандэрэ Налшык кьаIэм и прокурорым и кьуэдзэщ. Къэрал дамыгъэ - Багъуэ Плъыжь орден - иIэщ.

* * *

Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм и кьаIэнхэр зыгъэзащIэм 2013 гъэм фокIадэм и 18-м кьыдигъэкIа унафэ №836-к-мкIэ Бахъсэн районым и прокурору ягъэуващ юстицэм и чэнджэщзэгъ нэхъыщIэ Бэшэрэ Аслъэн Хьусен и кьуэр.

Бэшэрэ Аслъэн Прохладнэ районым хыхь Къэрэгъэщ кьуажэм 1981 гъэм щкIуэгъуэм и 20-м кьащIалъхуащ. КъБГУ-м и юридическэ факультетыр щIэхуа 2003 гъэм Шэрдэж районым и прокуратурэм следователу лэжьэн щIидзащ. Иужькlэ Май районым и прокуратурэм и следователу, УФ-м и прокуратурэм Следствиемкlэ и комитетым и Къэбэрдей-Балькъэр управленэм следствиемкlэ и Май районэ зэхуакIэ кьудамэм мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхуэр зэхэгъэкIынымкIэ и следователь, Лэскэн районым и прокурорым и кьуэдзэу, Бахъсэн районым и прокурорым и кьуэдзэу лэжьащ. Экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ.

* * *

Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм 2013 гъэм бадзэуэгъэм и 26-м кьыдигъэкIа унафэ №702-к-мкIэ Бахъсэн кьаIэм и прокурору ягъэуващ юстицэм и чэнджэщзэгъ нэхъыжь Кьаныкъуэ Валерэ Мухьэд и кьуэр.

Кьаныкъуэ Валерэ Бахъсэн районым хыхьэ Кьызбрун кьуажэм 1960 гъэм накьыгъэм и 10-м кьащIалъхуащ. Осетие Ищхьэрэ кьэрал университетым и юридическэ факультетыр кьыщIухуа 1987 гъэм Тыркуем и кьаIэм и прокурорым и дэпIыкIуэгъуэ лэжьэн щIидзащ. Иужькlэ Бахъсэн районым и прокурорым и дэпIыкIуэгъуэ, и дэпIыкIуэгъуэ нэхъыжь, республикэм и прокурорым судэхэм граждан Iуэхуэхэм зэрыщIихэпхъэм кIэлъыплънымкIэ и кьудамэм и прокурор нэхъыжь, республикэм и прокуратурэм граждан, арбитраж Iуэхуэхэм теухуа унафэхэр хабзэм зэрезэгъым кIэлъыплънымкIэ и кьудамэм и прокурор нэхъыжьу, Къэбэрдей-Балькъэрым и прокуратурэм уголовнэ тезырхэр щрагъэпэщыныжкIэ хабзэм зэрыгетым кIэлъыплънымкIэ и кьудамэм и прокурор нэхъыжьу, республикэм и прокуратурэм федеральнэ щынагъэншагъэм и Iуэхуэхэр законэр зэрагъэзащIым кIэлъыплъ и гупым и прокурор нэхъыжьу, Iущащхьамэхэр районым и прокурору, Налшык кьаIэм и прокурору лэжьащ. Экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ.

КЪР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● Бжьыхьэ дыщафэ-2013

Зэрежьэнум хуэхьэзырщ

Мэзкуу щыIэ Урысейпсо гъэлъэгъуапIэ центрым и хэщапIэм жэпуэгъуэм и 9-м гъэм щыхэхашнущ «Бжьыхьэ дыщафэ-2013» 15-нэ Урысей агропромышленнэ выставкэр.

ХАБЗЭ зэрыхьуауэ, мэкьумэш илъэсым и Iуэхугъуэ нэсу, кьыщхьэм Къэбэрдей-Балькъэрым и лЫкуэхэр хэтынущ. Мы гъэм абы щагъэльэгъэнущ республикэм и агропромышленнэ комплексым и предприятэ 13-м я Iэдакъэщэкlэхэмрэ и щэныгъэ-кьохутаныгъэм я екьулIэныгъэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и экспозицэм хухах метр зэбгъэзанатIэ 92-м помидор кьыщIычыжьащIэхэр, мыIэрысэхэр, пхъэщхьэмыщхьэ, хIэдэжкI кенсервхэр, Iэфыкlэхэр, шагъырхэр, аркьэхэлIэхэр, гъэшхэкlэхэмрэ кхъуей лIэужьыгъуэхэмрэ щагъэувынущ.

КьушынэмыщIауэ, псынщIэу хэхъуэ жыг хадэхэм зэрызагъэужьыным, хадэхэкIэр теплицэкI зэрызэрахьэм, жэм гъэшыфIэхэр кьызэрыхаахым, мэкьумэшэкIэхэм зэрелэжьым теухуауэ ягъэзащIэ инвестицэ проект зыбжанэ ягъэлъагъэуну я мурадщ.

Выставкэм и программэм хыхьэу зэIущIэ, семинар, еплъыныгъэ зэмылIэужьыгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ.

КЪР-м мэкьумэш хозяйствэмкlэ и министр Кьаздэхьэу Альберт зи унафэщI ди лIыкIэ гулым хэту АПК-м и Iэнатlэхэм я унафэщхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэмрэ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Пощт

Гум ехуэбылIэ тхыгъэхэр

Къэбэрдей-Балькъэрым щыщIедзэ Письмом и дунейпсо тхьэмахуэ зэхуакум.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 7-м кьащIащIэдзауэ 13-м нэсыху кьэрал куэдым щекIуэкIынущ «Письмом и дунейпсо тхьэмахуэ зэхуакум». Мы Iуэхур егъэщIалIащ Пощтым и дунейпсо махуэм жэпуэгъуэм и 9-м кьэралищым щIигъуэ щагъэлъапIэм. А тхьэмахуэ зэхуакур екIуэкIыху республикэм и дэтхэнэ щIыхуми езыхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ конверт тращIэрэщIахэм дэль письмохэмрэ сурэт дахэ щыкIуэхэмрэ хуагъэхь, «Бжэ зэIуахэм я махуэхэм» хэт, пощтым и лжьыгъэм, абы ящIэ Iуэхущхьэм щIэуэ кьаухэхуахэм щыгъуазэ зищ хьунущ.

Зи гугъу тщIы тхьэмахуэ зэхуакум кьиубыдэу ди республикэ Iуэхущапlэм мурад ящIауэ «Уэ уи закъуэкIым!» урысейпсо Iуэхур щекIуэкI пIалъэр игъэIэпхъэну икIи абы псори ирегъэблагъэ зи закъуэу псоу лIыжь-фызыжьхьэм я гугъу щытынущ апхуэдэ письмохэмрэ тыгъэ щыкIуэхэмрэ я зэрыхьэнкI. Абы я гукъыдэжьыр кьиузэрIэтыными щэч хэлъкъым.

Мэзкуэщхьэм кьихьэлIэу пощтым и унафэщIэхэм я унэ ирагъэфIэкIуэхэр Нарткъалэрэ Налшыкрэ кьызэрыщIэзэуахьнур гуфIэгъэушхуэу щытынущ. Дунейпсо пщалъэхэм езэгъ я Iэнатlэхэм щIыхухэм щыт Iуэхутхьэбзэ псори щыхуащIэфынущ. КьищынэмыщIауэ, псоми кьагъэсэбэн хьэпшапхэрэ абы кьыщащIэхуфынущ. БгъэкIыпlэнкъ кьыдыдэмыбзэкъм папщIэ пандус щхьэхуэхэр зэрэуваш. Нарткъалэ пощт связым и кьудамэм и унэщIэм сабийхэр щагъэджэгну пIанэрэ кьыщыщIэуахащ. «Бжэ зэIуахэм я махуэхэр» щекIуэкI щIыпIэхэм фIлателием, пощтым и тхыдэм теухуа гъэльэгъуэныгъэхэр щекIуэкIынущ.

Пощтым и дунейпсо махуэм ирагъэхьэлIащ «Пощтыр кьыпщогуфIыкI» зэпеуэрм. Абы щызэхагъэкIынущ Урысейм и Пощтым и республикэ кьудамэм и лэжьакIуэ нэхъ нэжэгурэ икIи нэхъ гуапэ ядыдэр хэтми.

Федеральнэ пощт связым и республикэ кьудамэм Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэуахэр ирегъэблагъэ Письмом и дунейпсо тхьэмахуэ зэхуакум жьыдэжьу хэтыну!

Фыз и папщIэ

Пощтым и дунейпсо махуэр кьэрал куэдым щагъэльапIэ гуфIэгъэуш. 1874 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м Дунейпсоп пощт зэгухьэныгъэ кьыхэзрагъэпэщащ. Абы 1969 гъэм Токио щIигъэкIуэкIа XVI Конгрессым унафэ кьыщащащ кьэралхэмрэ лъэпкъхэмрэ гъунэгъу зэхуэзыщI, ахэр ефIэкIуэным щIэгъэкъуэн хуэхьу гуфIэгъэу Пощтым и махуэр ягъэлъапIэну. Жэпуэгъуэм и 9-р зэхьхьэ тхьэмахуэ зэхуакур «Письмом и дунейпсо тхьэмахуэ зэхуакуу» ягъэуващ.



Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Гъуэзджэ

Макъамэр псэм и щIасэщ

Дунейр кьыптегупIэу кьыщыщыхьумэ, гурыщIэ кьабзэхэр уи гум щыщыжьмэ, гуфIэгъэм щыхэзыщIэгъэмэ тщIыгъуэщ жузыкр. Ар гъэщIэм ешхьу хьэлэмэтыщIуэ зэхэхуэхунащ. Ябыныкъуэхэм яфIэфщ макъамэ рсынщIэхэр, адрейхэм классикэ музыкэр нэхъ кьащтэ. Иужьрейм хиубыдэхэм папщIэ, мы махуэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщызэIуахащ симфоние музыкэмкlэ II дунейпсо фестивалыр. Дирижер щэрыIуэ, ди хэкуэгъу Темыркъан Юрэ и щIыхькlэ ирагъэкIуэкI мы Iуэхур мы гъэми гъэщIэгъуэну щIидзащ.

ЯПэ фестивалым хуэдэу, мыгъэрейри купщIафIэ зэрыхъунум шэч кьыгтесхьэркым. Кьытхуеблэгъэнущ музыкант щэрыIуэхэр, гуп гъэззэджэхэр, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Фыр Руслан. - Фестивалыр зи щIыхькlэ едгъэкIуэкI Темыркъан Юрэ фIыщIэ тхыгъэ кьигъэхьащ, концерт зытыхуэмэи симфоние музыкэм ещIэуэну зыфIэфIхэми яхуэгъэзащэ. «Узышагъэ, гукъыдэж фиIэну!» - кьытхитхащ абы.

Скрипкэр, фортепианэр, виолончелыр зэдагъэпсалъэу, зэдагъэбзэрабзэу фокIадэм и 30-м концерт хьэлэмэт зытар Рахманинов Сергей и цIэр зезыхьэ «Московское Трио» гуп щызэрыуэрщ. Абы хэтхэу Ямпольский Виктор (УФ-м щIыхь зиIэ и артист), Савинов Натальe, Цинман Михаил (дунейпсо зэхьэзэхуэ кьэдым я лауреатхэщ) сымэ ятэ ящIэу зыкьыщащъэлэгъэуэу щытар 1994 гъэрщ. Музыкэмкlэ Урысей Академие Гнесинхэм я цIэр зезыхьэм и концерт пэшым щызэхаша ятэ яIэу ди кьэралми хамэ щIыпIэхэми зыкьыщагъэлэгъэну. Париж и «Гаво», Амстердам щIэ «Концертгебау», Токио и «Оджи Холл», Берлин и «Концертхаус» пэшхэм, Индонезием и Президентым и унэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми абыхэм Iэгуаугъэхуэхэр щыхуаIэтащ.

Ди щIыналъэм япэу кьэдIуэ мы музыкантхэр налшыдэсхэми ягу ирихьащ. Абыхэм пшыхьым щагъэIуа дэтхэнэ макъамэми щхьэж и кьыбгъэкIыжьащ. «Макъамэм хэлъ щIасэщ» зэпеуэм и Iыхьлыгъэ. Иущхьэкlэ жьыхуэтIа макъамэ Iэмэпсымищым я «уэрэшрым» щыIэщ щIыгъуэ, уеблэмэ музыкэр кьопсэльэным хуэдэу Iурт. Триом Iэзэу игъэзащIащ Шостакович Дмитрий Соллертинскэм и фэеплъу итха Трио №2-р. Iыхьлплу зэхэт макъамэм блэкIам и зы теплъэгъуэ гуэрым хуишэрт, зэмм плъэмыкIыу кьафэ телыдыдж уи нэгу кьыщIигъэувэрт.

«Артист щэджащэм и щIыхь» Чайковский Петр итха трио ля минорур кьайхьулIащ гупым. А макъамэм хэлът гущIэгъуи, губжьи, лъагъуныгъи...

Жэпуэгъуэм и 1-м зи концерт тлъэгъуар «Ла Скала» театрым хэт Мапели Сильвиерэ (сопранэ) кларнетист Дельмастрэ Сержиорэщ. Ящ и пэ кьыхуэу, музыкантхэм дерсэр драгъэкIуэкIат ди актер, музыкант ныбжьыщIэхэм. Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ фестивалым и яп махуитIыр, Фыр Руслан зэрыщыгугъауэ, купщIафэ хьуат.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Щэнхабзэ

Зэныбжьэгъугъэм и пшыхь

«Кавказым - мамырыгъэ» XVI дунейпсо фестивалым хыхьэу, Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапIэм (Налшык къалэ) щекIуэкIаш Хетагуров Коста и цIэр зезыхьэ къэрал саугъэтым и лауреат, «100 грантов Президента РФ» саугъэтыр зыхуагъэфэща «Алания» къэрал камернэ хорым и концертыр. Гупым я хуэдизкIэ УФ-м щыхь зиIэ и артистхэр, къэралым гъуэзджэхэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ Кокойтэ-Кодовэ Агундэщ.

ХОРЫМ игъэзэщIащ Пресли Элвис, Синатрэ Фрэнк, Симон Африк, Азнавур Шарль, Брэкстон Тони сымэ я репертуарым щыщхэр, нэгъуэщI джаз лэжьыгъэ щIэрыIуэ куэди.

Концертым епIыхэр куэдрэ зэбгрымыкIыжу зэхэтащ, ягу дыхьэ артистхэм яхуэупсащ удз гъэпсыкlэмрэ саугъэтхэмкlэ. Псалъэ гуапэхэмкlэ хорым захуитIэщащ Хэку зауэщхуэм и ветеран Абдуллаев Мустэфа. «Урысей Ипщэм и артист нэхъ тельыджхэм ящыщхэр ди нэкlэ фызэрытлъэгъуам дыщогуфIыкI», - жиIащ абы.

Гу зыльытапхъэ: «Алания» камернэ хорым и щыгъуэ 1981 гъэм и щIышлэм кьыщожьэ. Гупым кьохьулIэ урыс лъэпкъ хоровой музыкэр, апхуэдизу дыхьэ абы утыку кьрехьэ Кавказым и композиторхэм я лъэныкъуэкIэ, лъэпкъ зэхуэмыдэу куэд. «Алания»-м зыкьыщигъэльэгъуащ ди кьэралым и филармоние пэш нэхъыфI дыдэхэм, кьинэмыщIауэ, ар щыIащ Австриеми, Тыркуми, Инджылызым, Германиеми, Швециеми, Бельгиеми, Югославиеми. 1998 гъэм и жэпуэгъуэ маздэм хорым и концертхэр щитащ Португалиеми. КьыкIэлъыкIуэ ильэсым «Алания»-р хэтащ Градо (Италие) щекIуэкIа 1 дунейпсо зэхьэзэхуэ-фестивалым икIи апэ уэрэд Iэмэрэ Iыщэ кубокымрэ зыIэригъэхьащ. 2000 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэри купщIафIэ хъуащ ансамблым джжкIэ. Линц (Австрие) кьалэ щызэхэта «Олимпиада-2000» хоровой фестивалым гупым и зэфIэкIым папщIэ дыжьын медалит I кьыщыхуагъэфэщащ.

ГЕРАСИМОВЭ Риммэ.

● Щыыуэпс

Мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхухэр

Урысейм щIыуэпсым кIэлъыплънынымкIэ и Iуэхущапlэм КъБР-м щIэ кьудамэм зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балькъэрым и лЫкIуэу дыкьэзыухьэрейхь дунейр хьумэныкIэ епIланэ урысейпсо съездым хэтыныгъэ кьыхэхьэныным.

СЪЕЗДЫМ хэтынущ КъБР-м щIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкlэ и министр Гызыев Берт, Урысейм щIыуэпсыр хьумэныкIэ и Iуэхущапlэм и кьудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Асанов Зейтун. Къэрал бгы льагъэ щIыпIэм и Iэтащхьэ Газаев Мухьтар. Властым и хабзэубзыху органым и цIэкIэ съездым кIуэнущ КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпнынымкIэ и комитетым и унафэщI Несутулов Виктор.

Еджагъэшхуэхэм зэIущIэм ягъакIуэ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэш университетым и щэныгъэхутэ Iэнатlэм и унафэщI Къуэжокъуэ Мухьэмэд, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я делегатщ Шэрэдж, Май районхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэу Темиржанов Махьтырэ Шипов Владимиррэ. Псори зэхэту цIыху 13 мэхьу.

Съездыр «Крокус Экспо» дунейпсо гъэльэгъуапIэм мы гъэм и дыгъэгъазэм щекIуэкIынущ. Ар зэхуеушэс Урысей Федерацэм ЩIыуэпсымрэ экологиемкlэ и министерствэм. Зэхьэхьэшхуэм щытепсэлъыхьынущ дыкьэзыухьэрейхь дунейр сакьыу хьумэным егъэщIылIа Iуэхухэм.

КъБР-м ЩIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● Ухуэныгъэ

Дунейпсо мардэм хуагъакIуэ

Налшык и зоопаркым иужьрей илъэсхэм зэ нэхъ мыхьэуми ихьа дэтхэнэми гу льимытэу кьэнакьым зэхьэуIэныгъэрэ зыужьныгъэу абы игъуэтам. КьыпхуэмыщIыхужьыжьыр хуэдизу кьагъэщIэрэщIэжащ зэманыфI хьуауэ ремонт лэжьыгъэ куу зрамыщIыну унэр, асфальтыр зытелэжьакIа лъэс лъагъуэхэр. Иджы дэтхэнэ зы псэущхьэми хуиту икIи кьабзэлабзэу ухуокIуэ.

МЫР адэкIэ кьыптэщыхь кьаIэнхэм я зы Iыхьэу аращ,- дыщигъэгъэзэат абы щыгъуэ «Налшык и зоопарк» муниципальнэ Iэнатlэм и унафэщI Iэрэмысэ Аслъэнбий. ЗэрыжиIам хуэдэу Iуэхур хьуащ. 2012 гъэм и щышхьэуIу маэм ди республикэм и Iэтащхьэмрэ Налшык кьаIэ адміниистрацэмрэ я унафэкIэ зоопаркым и ищхъэрабгъу льэныкъуэкIэ кьеГъэщIыIа щIыIэнэщIым псэуалъэ ин иращIыхьыну зэгурыIуэхэщ. Арщхьэкlэ егупсысыжьэри, хозяйственнэ кьудамэм и пIэкIэ щагъэльагъуэ центрышхуэ кьыщагъэжьащ. Хуэныгъэхэр ирегъэкIуэкI «Гермес» ухуакIуэ фирмэм. Гъэр здынэсам центрым и пкъыр кьыIэзфIагъуваш. Унафэщым щыгъуазэ дыдэрищIамкlэ, мыгувэу унащхьэр тралъхьэнущ, ухуакIуэхэм я лэжьыгъэр кьмыувыIэн хуэдэу хуаб кьэзыт коммуникацхэри ирашIэнущ.

Мы центрым и архитектурэ гъэпсыкlэм дахагъэр инагъкlэ пэхъун Кавказ Иущхьэрэр кьэзэнауэ, Урысей псом итыкунхьэм. Мыбы щыIыгъынущ хуабэ фIэкIа зэмыззгъэ псэущхьэхэрщ. КьыхэзгъэщIэхьэщ, зоопаркым и лэжьакIуэхэр номинхэм хуабжьу гугъу ядэхьу зэрыщIытар: щIымахуэ псом ахэр зыщIэс пэшитI зэпытыр зэвт, цIыкIэт. Абы кьыхэкIыу кьабзагъэ мардэхэр кьызэпыуда щыхьуи щыIэт.

ПсэупIщIэм ягъэIэпхъэнуэм яхэтэкIуэщIыпIэхэр, благъуэхэр, псэущхьэ нэхъ инхэм ящIыщу щымахуэр кьызытехьэлъэхэр, кьуалэбзухэр. Иджыпей мардэ нэхъыфIхэм тету тралъхьэну унащхьэр щыуэ зэщхьэщыкIынущ, щхьэж и тепльэрэ и плъыфэрэ яIэжу.

Й щхьэ кьатым хэтынущ ихуэрегъыр Iэгум итым хуэдэу щыплъагъу зыплъыхьыпIэ-зыгъэпсэхупIэ. Ар сабийхэми балигъхэми ятещIыхьауэ щытынущ.

Псом нэхърэ нэхъ тельыджэр центр кIуэщым и гъэпсыкlэщ. Фочышэкlэ пхупхымыщыну абдж быдэхэмкlэ зэпгрыгъэлыкIа планэпхэм щыхуэхэм хуиту щалъагъунущ дэтхэнэ зы псэущхьэри. Абы щIэтынущ благъуэхэм папщIэ бассейн, сбдэжьейхэм я аквариум домбейхэр.

Iэрэмысэм кьыхэзгъэщIамкlэ, центрым и проектыр щагъэхьэзырым, Iэщагъэлэхэм зрагъэлъэгъуащ Москва, Новосибирск кьалэхэм щрагъэкIуэкIа мыпхуэдэ уху эныгъэхэр. Iуэхур щаублэм кьэралым и кьалащхьэм кьраша проектировщикхэри хэтащ. Абыхэм зыныкъуэ куэдкIэ кьалытащ ди щIыналъэм и зэхэлъыкIэри ди дунеям и щытыкIэри.

Щагъэльагъуэ центрыр щаухыну пIалъэр иджыпстукIэ гъэбелджылауэ щыткъым. Ауэ я зэфIэкI псори ирахьэлIэнущ ди республикэм и зыплъыхьыпIэ щIыпIэ нэхъ дахэхэм хабжэ зоопаркыр дунейпсо щапхьэхэм хуэгъэкIынам.

ЛЬОСТЭН Муэз.

● Футбол

Кубокыр - «Бахъсэн» командэм

КЪР-м и Кубокым щыщIэбэна кIэух зэIущIэм Налшык кьаIэ и «Спартак» стадионым хьэрхуэрэгъу щызэхуэхьуащ «Бахъсэн», «Логовазэ» (Кенделен кьуажэ) футбол командэхэр. Кьызыдгуэ командэхэр дапIыгыну абы щызэхуэсат цIыху мини 5-м щIигъу.

БЖЫГЪЭР 4:3-уэ бахъсэндэсхэр текIуауэ икIи абыхэм Кубокыр еяэну зыIэрагъэхьащ. «Бахъсэн» командэм и дежкIэ а текIуныгъэм мыхьэнэщхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ Суперкубокым щIэбэныну абы Iэмал игъуэтащ.

Футболым фIыуэ хэзыщIыкIхэм кьызэрагъэльагъуэщи, КЪР-м и чемпионатым бжьыпIэр щызыщIыгъхэм ящыщ «Бахъсэн»м и футболистхэм чемпион хьуну Iэзэ. Ветеранхэм я «Эталон» командэм кьыдэкIуэу, ар Бахъсэнщэ зэрыгушхуэщ, мызэ-мытIэу кьалэм и щIыхьэр зэхьэзэхуэу зэмылIэужьыгъуэхэм щихьумащ.

А ехьулIэныгъэхэр куэдкIэ я фIыщIэщ тренер Пщыхьэщэ Тимур, командэм и унафэщI Елбэрд Руслан, Бахъсэн кьалэ округым футболымкIэ и федерацэм и президент Тут Анатолэ сымэ.

ДЭРОГУЭ Артур.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутат, Промышленностымкlэ, гъэзэгу хозяйствэмкlэ, транспортымрэ связымкlэ комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ **Куэщей Азэмэт Джэбрэiил и кьуэм** хуогузавэ абы и адэ **Куэщей Джэбрэiил Сулеймэн и кьуэр** зэрыпIам кьыхэкIыу.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Жэпуэгъуэм и 5-р ЕгъэджакІуэм и махуэщ

● Хъыбар гуапэ

НэхъыфІхэм хабжэ

Сэбан Аслъэнбий

Емуз Светланэ

Коротких Ольгэ

УФ-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ Зэпыу зимыІэ есэпэ егъэджэныгъэм и центру Москва щыІэмрэ ирагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэмрэ кІэлъапІымныгъэмрэ япхъ иткІэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ зэхагъэувэ «ЕхъулІэныгъэ лъагэхэр къэзыгъэлъагъуэ егъэджэныгъэ ІэнатІэ нэхъыфІ 500» урысейпсо рейтингыр. Іуэхум жыджэру хэтщ «Новости» Урысейпсо хъыбарегъащІэ агентствэмрэ «Учительская газета»-мрэ.

2012 - 2013 гъэ еджэгъуэм кІриубыдэу ныбжьыщІэхэм ята лэжьыгъэхэм кІрикІуахэр къапщытэжри, мы ильэсми зэхагъэуващ апхуэдэ рейтинг. Ди гуапэ зэрыхъущи, зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм япхъ иткІэ, къэралым и курыт еджапІэ нэхъыфІ 500-м хальытащ Налшык дэт школищ: **гимназие №13-р** (унафэщІыр **Сэбан Аслъэнбий Аскэр** и къуэрщ), **Пушкиным и �Іуэн зезыхьэ курыт школ №5-р** (унафэщІыр **Емуз Светланэ** Гъуэгер и пхъурщ), **курыт школ №9-р** (унафэщІыр **Коротких Ольгэ Алексей** и пхъурщ).

Налшык и щІыпІэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІым и къалэхизэр зыгъэзащІэ Темырчы Бесльэн зэрыжиІэмкІэ, а курыт школхэр ахуэфащэ дыдэу хэхуащ еджапІэ нэхъыфІ 500-м я къэралпсо спискэм. Абыхэм щолажьэ щІэныгъэ лъагэрэ зэфІэкІышхуэрэ зиІэ егъэджакІуэ Іэзэхэр. Апхуэдэщ абыхэм я гъэсэнхэри. Зи илъэс къэмынэу а школхэм я еджакІуэхэр республикэпсо, къэралпсо олимпиадэхэм, нэгъуэщІ зэпеуэхэм жыджэру хэтщ, текІуэныгъэхэр къыщахьу. НыбжьыщІэхэм щІэныгъэ лъагэ къыщагъэлъагъуэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэми. Щапхъэу бгъэльагъуэ хьунущ гимназие №13-м химиер щезыгъадж Щербань Еленэ и гъэсэнхэр. Илъэс зыбжанэ лъандэрэ абыхэм ЕГЭ-м кІащахь балли 100.

ЗыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэ лъагэхэмкІэ, ЕгъэджакІуэм и махуэмкІэ дохъуэхъу зи цІэ къытІуа курыт школхэм я лэжьакІуэхэм. Школым, егъэджакІуэм я пщІэр жыларыуэм щызэІэт мыгъэрей текІуэныгъэм хуэдэ куэд дяпэкІи яІэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Зэпеуэхэр

Къыхэжаныкіахэр ягъэпажэ

Хабзэ зэрыхъуащи, егъэджэныгъэ ІэнатІэм зы ильэс-си къэмынэу щокІуэкІ. «ЕгъэкІуэ нэхъыфІ» зэхьэзэхуэр. Мы зэманым дэнэкІи къыщапщытэж мыгъэрей апхуэдэ зэпеуэм и ещанэ Іыхьэм кърикІуэхэр.

«ГЪЭСАКІУЭ нэхъыфІ-2013» зэхьэзэхуэм жыджэру хэт щІыпІэхэм ящыщІ. Проходныр къалэр. Абы дэт гимназие №16-м кьелхауэ лажьэ гъэсапІэ кьудамэ №11-м иджыблагъэ щекІуэкІа зэхьэхьэм и къуэрщ. Ар Головко и Наталье. Ар Головко и цІэр зезыхьэу кьалэм дэт курыт школ №94-м и гъэсапІэ кьудамэ №222-м и лэжьакІуэ Ермоленко Натальеи. Абы фІащащ «Ильэсым и гъэсакІуэ нэхъыфІ» цІэр.

Зэпеуэм и кьэпщытакІуэгуфым хэтхэм я жэрдэмкІэ ябгъэзыхуащ абы и нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэм пашэ щыхьуазэхэр. «Зи Іэщ1агъэм хуэІэжьжь» цІэр фІащащ гимназие №96-м кьелха гъэсапІэ кьудамэ №11-м и лэжьакІуэ Головко Наталье. Головко и цІэр зезыхьэу кьалэм дэт курыт школ №94-м и гъэсапІэ кьудамэ №68-м щылажьэ Гринина Аннэ «КъэкІуэнур зей» унэтІыныгъэм пашэ щыхьащ. Курыт школ №1-м и гъэсапІэ кьудамэ №15-м и лэжьакІуэ Тамилинэ Татьянэ «Зи Іэщ1агъэм кьыхуальхуэ» унэтІыныгъэм щынэхъыфІу кьалытащ. Апхуэдэу «Си Іэщ1агъэм срогушхуэ» - гимназие №2-м и кьудамэ №16-м и гъэсакІуэ Софян Новелло, «Си гур сабийхэм язот» - Пушкиным и цІэр зэрихьэу кьалэм дэт курыт школ №80-м и гъэсапІэ кьудамэ №14-м и лэжьакІуэ Раздольскэ Маринэ сымэ щытекІуащ.

ТАМБИЙ Линэ.
Прохладнэ кьалэ.

● Псалъэ гуапэ

ЩІэблэ узыншэ щагъасэ

Адыгэхэм игъащІэми кьыддокІуэкІ «щІэблэ зимыІэм насып иІэкъым» псалъэжьыр. Ди къэкІуэнур дахэ хъун папщІэ, щІэблэ узыншэ кьигъэхьун хуейщ. А кьалэн мытыныр зэфІэха хьунымкІэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ школхэм щыІэ егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ.

МЫ ГЪЭМ сэ дыщэ медалкІэ кьэзэухащ Къэрэзэш кьуажэм дэт курыт школ №2-р. Мы зэманым сыщІэсщ Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэш университетым. Школым щызиІа ехьулІэныгъэхэр, дауи, я фІыщІэш си егъэджакІуэхэу Сэкьал Тамарэ, Алберий Зое, Цэгъэхэ Юрэрэ Мирэрэ, Танэ Риммэ, Бэшорэ Галинэ, Пщукіэ Адэлбийрэ Ритэрэ, Кіашэхэ Іэсиятрэ Аслъэнрэ, Вэрокъуэ Іэсият, Гурдыгъуэ Маринэ, Гуэнгъэпш Жаннэ, Батыр Оксанэ, Къуэтепыхьэ Алиэхьан, Гугу Жаннэ, Щэкъуэныкьуэ Залинэ, си класс унафэщу щыта Шал Мартинэ. ЕджапІэм щекІуэкІ Іуэху псоми я кьызэгъэпэщакІуэщ абы и упщафэщ Заптий Татьянэ. ПщІэшхуэ зиІэ а цІыху хьэлэмэтым дэтхэнэ егъэджакІуэми еджакІуэ цІыкІуми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ кьахуегъуэтыф, Іуэхущ1апІэм щекІуэкІ лэжьыгъэфІ куэдым я жэрдэмщакІуэщ.

Гъащ1эм щапхьэ дахэ щыс хуэхъуэ цІыхухэм ящыщІ егъэджакІуэ Іэщ1агъэм ирилажь си анэ Пщукі Альбинэ.

Жэпуэгъуэм и 5-м ди къэралым щагъэлъапІэ Егъэджакіуэм и махуэр. Щ1эблэ узыншэ хэкум кьитэджэнэм зи гъащ1эр тыхь хуэзышІи си анэм, си егъэджакІуэхэм гуми псэми кьабгъэдэкІыу сохъуэхьу я Іэщ1агъэм епха махуэшхуэмкІэ. Узыншагъэ быдэ, унагъуэ насып фиІэу, лэжьыгъэм екьулІэныгъэшхэр щ1ыс1эрывгъэхьэу фи Іэнатіэр иджыри илъэс куэдкІэ ефхъэжьыну си гуапэщ.

ПЩУКІ Эланэ.
Къэрэгъэш кьуажэ.

Лэжьыгъэфіым щіыхь къыпокіуэ

● Щапхъэ

Егъэджакіуэ Іэщ1агъэм пасэу дихьэхащ Іэнэусэ. Иджыри сабий щІыкІэ, абы къэхутэныгъэ лэжьыгъэ зэмыІэжьыгъэхэм зрипщытырт. Нэрылъагъут ар балигъ хъумэ къэхутэныгъэхэр зыпыщІа щІэныгъэ хьэлэмэт гуэрым зэрыхуеджэнур.

ВЭРОКЪУЭ Іэнуса Нарткъалэ кьыщалъхуащ. Абы дэт етІуанэ курыт еджапІэр 1980 гъэм дыщэ медалкІэ кьиуха ноужь, зэрысабийрэ химием дихьэх пщащэр зыщІэтІысхьэнумкІэ куэдрэ гупсысакъым, икІи, и гъэсакІэр КъБКъУ-м и химие факультетым иритащ. Пщащэр кьэпщытэныгъэ гугъуэхэм пхыкІащ ехьулІэныгъэ иІэу икІи ди республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэм и студент хъуащ.

Зэманыр тэмэму кьэзэгъэсэбэну еса пщащэм апхуэдэ дыдэу ирихьэкІащ студент илъэсхэри. Лекцэхэм, семинархэм лужькІэ, абы и щІэныгъэм щыхигъахьэурэ библиотекэхэм, жыджэру хэтт университетым щекІуэкІ Іуэхуэхэм. Фы дыдэу еджа пщащэ жаным КъБКъУ-м и химие факультетыр диплом плъыжькІэ 1985 гъэм кьиухащ.

Химик ныбжьыщІэм лэжьэн щыщІидзащ Лэскэн куэйм хыхьэ Лэскэн ЕтІуанэ кьуажэм дэт курыт школым. 1992 гъэ лъандэрэ Іэнуса Анэрэй кьуажэм и курыт школ №2-м химиер щрегъэдж. Абы хуэзэфІокІ сабийхэр кьыдихьэхьэн. Теорием кьищынэмыщІауэ, химиемкІэ кьэхутэныгъэ гъэщІэгъуэнхэри сабийхэм ядрегъэкІуэкІ Іэнуса. Апхуэдэуи, сабийхэр езыр-езыру егъэлэжьэ, я щхьэкІэ гупсысэжьыру, химие кьэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыфу ирегъаса. Егъэджакіуэ гумызагъэм апхуэдэуи сабийхэр щыгъуазэ хуеиц1 ди щІыпІэм щыІэ хъугъуэфІыгъуэхэм, ахэр гъащІэм кьызэрыщагъэсэбэп щІыкІэми яхутопсэльыхь. Іэщ1агъэр гуроп псэкІэ кьыхэзыха егъэджакІуэм апхуэдэу, лъэкІ кьимыгъанэу, иригъэдж предметым ныбжьыщІэхэр дрегъэхьэх. Ар кьызэрэкъулІэми и щІыхьэтщ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэмкІэ абы и гъэсэнхэм ящхьэ балл плъагэхэр, иригъаджэхэм, абыхэм я адэанэхэм, кьыдэлажьэхэм хьэлэщ1 пщІэр.

Апхуэдэ лэжьыгъэфІым фІыщІэ куэд кьыпокІуаш. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Щ1ыхь тхылъыр, «Лэскэн районым и химик нэхъыфІ» цІэр, нэгъуэщІхэри.

И ехъулІэныгъэхэм я къежьапІэр щеджа курыт школым ирепх Іэнуса.

- Нобэр кьызэдэсым си гум Іэфіу ипщ1 Нарткъалэ курыт еджапІэ №2-м щызиІа егъэджакІуэфІхэр. Химием сыдезыгъэхьэхауэ щытар абыкІэ дезыгъэжа Мурзинэ Зоеш. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ гугъуми дытригъэгушхуэрт, - жІэ абы. - Апхуэдэуи си гум кьинэжащ а еджапІэм и директору щыта Шыд Хьэзрит. А цІыху гуащІафІэм хуэдэ унафэщІ уигъэлъыхьуэнт. Сщыгъупщэркъым математикэмкІэ дезыгъаджа Кунижнэ Татьянэ, ди классс унафэщІу щыта, инджылзыбзэмкІэ дезыгъаджа Минаевэ Фаинэ сымэ. Зи цІэ кьисІуа псоми я дерсхэр гъэщІэгъуэну, дахэу зэхагъуэвэрт. Абыхэм я лэжьэкІэр гъащІэм щагъэ щ1ысхуэхьуащ куэдрэ.

Іэнусэ и нэІэ зытетхэм ящыщ куэд, езым хуэдэу, химиемкІэ егъэджакІуэ хъуахэщ. Абыхэм ящыщщ Валиевэ Альбинэ, Къуэкъуэй Заур, Апэжьыз Замирэ сымэ. Ари и щ1ыхьэщ Іэнусэ бгъэдэль Іэзэгъэш.

Унагъуэ дахи ихуащ абы. Анзорей щ1ыщ Кьалакіуэ Арсенрэ Іэнусэрэ быныфІ кьащІэхъуащ. Я ныжьэбэ Марьянэ КъБКъУ-м филологиемкІэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ кьудамэр, щІалэ Хьэжьсмел КъБКъУ-м и биологие факультетым и географие кьудамэр кьахуащ.

ЗэгурыІуэрэ зэдэІуэжу псэу унагъуэ дахэм щІэныгъэр щытепщэщ, апхуэдэуи адыгэ хабзэри текІ ямыІэу ягъэзащІэ. Аращ ахэр щІэнасыпыфІэри, жьлэм пщІэ яІэу щІыдэсри. Ди гуапэщ адэкІи ефІэкІуэну.

ПЩЫХЬЭЩІЭ Хьэмзэт.
Сурэтым: **ВЭРОКЪУЭ Іэнуса.**

● Дэ кьытхуатх

АфІэунэ Маринэ и зэфІэкІ

Си тхыгъэ кІэщІыкІэ сыр-хутепсэлъыхьыну сыхуейщ си ятэ егъэджакІуэ АфІэунэ Маринэ Заурбий и пхъум. А цІыхубзым си гъащІэм Іыхьэ гуэмыкІыу епхауэ жьпІэ хуунщ.

СЫЦІЫКІУУ Тыркум сыкьыкІыжри, си адэ-анэм срагъуэсэу Къэбэрдейм сыкьэкІуэжауэ щытащ. Хэкужьым ятэ дыдэу щысцІыхуэ къэбэрдейхэм ящыщщ Маринэ. Урысыбзэри адыгэбзэри сымыщІэу ятэ классым сыщщІэтІысхьам, абы и Іэмыщ1э сихуауэ щытащ.

Си гум гуапэу кьинэжащ а зэманыр. И нэгум гуфІэ ильу пщэдджьыжь кьэс кьыспсежьэрт ар. Сыт хуэдэ лэжьыгъэми сытригъэгушхуэрт. Дерсхэм нэмыщ1, абы зэхьэзэхуэ куэдригъэкІуэкІырт, сабийхэр игъэгушхуэн щхьэкІэ. Псоми фІыуэ тльагъурт, пщІэ хуэтщІырт ди ущиякІуэм. Адыгей кьэрал университетым сриступенту, иджыпсту сызыкъуедэжэ егъэджакІуэ Іэщ1агъэр кьыхэсхыну сытезыгъэгушхуари Маринэ и щапхьэрщ. Нобэр кьыздэсым абы и деж, сокІуэ, чэнджэщ зэмылІэужьыгъуэхэри щызогъуэт.

АфІэунэ Маринэ кьыщалъхуащ Джылахьстэнейм ныкьэ Мэртэзей кьуажэм. «Сыщыщ1ыкІуэм сфІэфІт сэ егъэджакІуэу сыджэгуну, - жеІэж Маринэ, - сытым дежи сепщ1ыхьырт сабий езгъаджэу».

Апхуэдэ гуращхьэр зиІа пщащэр курыт школ нэужьым щеджащ Къэрэшей-Шэрджэс педагогикэ институтым. Ар кьыззэриухэр Маринэ щолажьэ Налшык дэт 14-нэ гимназием. Илъэс 10щІэр ёлырэ мэзкІэ Маринэ сабийхэм егъэджакІуэу зэрахэтрэ. А зэманым кьурибыдэу абы ныбжьыщІэ куэдым пэщІэдзэ щІэныгъэ яритащ, гъэсэныгъэ дахэ яхилъхащ. Зыльт Іэнатіэм Маринэ ехьулІэныгъэфІхэр щиІащ. 2008 гъэм ар щытекІуащ «Урысей Федерацэм и егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэпеуэм. 2010 гъэм АфІэунэм кьыкІащащ «УФ-м и егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр.

Егъэджакіуэ Іэзэм и гъэсэн щ1ыкІуэр жьыдкэрэ хэтщ Налшык кьалэм, республикэм, Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкІэ щекІуэкІ зэпеуэхэм икІи абыхэм ятэ увыпІэхэр кьыщащх. Абыхэм ящыщщ Хьутэ Зураб, Бахьсэн Тембуелэт, Лъэпщокьуэ Ислъам, Кьардэн Ася, Лъутэнджэл Динарэ. Щхьэхуэу и цІэр кьисІуэну сыхуейщ Бетрожь Сабинэ. 2013 гъэм Маринэрэ а еджакІуэ щ1ыкІуэмрэ ягъэхьэзырауэ «Си кьалэр Щ1ыхьрейм и нэхъ кьалэр» дыдэщ проект кьэхутэныгъэр икІи ягъэхьащ кьэралпсо зэпеуэм. А лэжьыгъэм абыхэм ехьулІэныгъэшхуэ кьахуихьащ: егъэІуэн зиІэ ныжьэ, зэпеуэм и щІыхь тхылъыр зыхьуахьэрэ щащ. Бетрожь Сабинэ и цІэри, и лэжьыгъэри хагъэхьащ апхуэдэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ кьыдагъэкІа «Абыхэм Урысейр ирогушхуэ» тхылъым. Абы и егъэджакІуэ АфІэунэ Маринэ щІыхь тхылъ кьратащ.

Сыхуейщ сэ АфІэунэ Маринэ Заурбий и пхъум фІыщІэ ин хуэсщІыну икІи егъэджакІуэхэм я зэхуэшхуэмкІэ сехъэхьуну. Узынщагъэ быдэ иІэу, ехьулІэныгъэхэр и куэду иджыри ильэс Іэджэкіэ Тхьэм игъэлажьэ.

ШАХИН Элиф Мерве.
АкъУ-м и 5-нэ курсым и студент.

● Юбилейхэр

Илъэси 125-р егъэлъапІэ

Май куэйм хыхьэ Новониколаевскэ къуажэм Козубий Шуэр и цІэр зэрихьэу дэт курыт школыр къыдэзыІуахэр мы махуэхэм ирокъу илъэси 125-рэ. ЕджапІэм къикІуа Іуэгуанэм урипльэжмэ, наІуэ мэхъу а лъэхъэнэм къырыбыдэу абы зыужьыныгъэфІ зэригъэуэтар, къэкІуэнум хуэгъэзэса мурадыфІхэри зэриІэр.

ЕджапІэм и унафэщІ Хиврич Еленэ.

КУРЫТ школым нобэр кьызэдэсым щІэныгъэр гъэсэныгъэр зэгъэуэтащ ныбжьыщІэ мини 3-м нэсым. Абыхэм ящыщу еджакІуэ 94-м школыр дыщэ, дыжьын медалхэмкІэ кьауащ. Ахэр гъащІэм гъэгу пэж щытеувэным я зэфІэкІи зэманри, щІэныгъи кьаруи ирахъэлІащ хьэлэщу зи Іэнатіэр дапщэщи езыхьэкІ егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ.

Мы зэманым курыт школыр иджырей мардэхэм хуэкІуэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ іэкьыльфІ щызэфІах Іуэхущ1апІэщ. «Лицей» статусым ит еджапІэм ныбжьыщІэ 330-рэ йокІуаліэ. Кьынэмыщ1ауэ, абы кьепхащ си школ кІуэгъуэ нэмысхэм щадэлажьэ Іэнатіи. Абы сабин 150-рэ щагъасэ, еджэным хуагъэхьэзыр. Ахэр щІэныгъэ гъуэгуфІэм трашэ егъэджакІуэ, гъэсакІуэ щІэныгъэ-гъэсэныгъэ щІэныгъэ-ныбжьыщІэ зэрыщІэдзэм, гъэсэныгъэ зэрыщагъасэм щІэныгъэ-ныбжьыщІэхэр зэрыгъэзэжыну, бгъэдэль щ1эныгъэмрэ зэфІэкІымрэ хигъахъэу зэпыту зэрыщытыр. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр игъэнэхъапэу илъэс 20-м щІигъкІэ школым и унафэщІу щытащ СССР-м щ1ыхьэр егъэдэхэным и отличник, РСФСР-м и щ1ыхь щІыхьэ зиІэ и егъэджакІуэ, зи лэжьыгъэфІым папщІэ мызэ-мытІэу щІыхь, фІыщІэ тхылъ зэмылІэужьыгъуэхэр зыхуаІэфащэщу щытА Гребенев Василий. ЗэфІэкІыщхуэ зыбгъэдэлъа а щІыхьэ егъэджакІуэм ирихьэжьа Іуэхуфіхэм пещэ мы зэманым щІэныгъэм и Іуэхущ1, службыгъэм и кІэщІэгъэнэщхуэ Іэкіуэтьакіуэ Хивричі Еленэ.

- Дызэрыт лІэщІыгъуэм Іэмал псори щыІэщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм зыужьыныгъэшхуэ игъэутын папщІэ, - жеІэ унафэщІ щ1ыпкъэм. - Ди егъэджакІуэхэри гъэсакІуэхэри хущІокъу ахэр гъэжьыгъэм щэщІауэ зыщІагъасэфыным. Щ1эныгъэ кІуэр зэфІэкІ іьагъэрэ зыбгъэдэлъ щІэбгъэ кІыгщІэхъуэным дэтхэнэри догупу.

ЕгъэджэныгъэмкІэ федеральнэ стандартыщІэр (ФГОС) щагъэунэху республикэ Іуэхущ1апІэхэм ящыщщ мы школыр. Егъэджэныгъэм кьыщагъэсэбэп иджырей технологиехэм теущІыхьащ школым щекІуэкІ лэжьыгъэр. ЕгъэджакІуэхэм кьызэрагьытымкІэ, апхуэдэ технологиехэр ящыщщ ныбжьыщІэхэм я зыужьыныгъэ езыгъэфІакІуэ Іэмалхэм.

Курыт школым и гъэсэнхэм, абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ дохъуэхъу Іуэхущ1апІэм и махуэхэмкІэ. ЕхьулІэныгъэшхэр иІэу, мурадыщІэхэр я пльапІэу гъуэгуанэщхуэ иджыри зэпачыну ди гуапэщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Си егъэджакіуэ

тхьэгъэзэит Зубер

Си егъэджакІуэ,
Си егъэджакІуэ,
Гъащ1эм и джакІуэ,
Гъащ1эм и джакІуэ!
Си гумихункым
Гъибл ныбжьым ситу
Япэу уи нитІым
Сыщыщ1эпльар, -
Уи бын пэлъытэу
УсщыгуфІыкІыу
Гуапэу си щхьэфэм
Іэ щыдэпльар...
Анэдэлъхубзэм
Хуэпщ1 лъагъунытгэр
Кьысхъумыльхьамэ,
СлъэкІынт сытхэн?
... СщІамэ нэсыну
Уи гум си гуащІэр,
Си гум иусэм
Уи цІэр щІэстхэнт!

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

● Проектыщ1эхэр

Фэеплъ тхылъым йолэжь

«Хэку зауэшхуэм и пэкІ», абы нужь лъэхъэнэм республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэм щылэжьа Іэщ1агъэлэхэм я фэеплъыр хъумэн» проектым епха лэжьыгъэхэр зэфІэхыным Шэджэм районыр жыджэру хьыхьащ. Абы и жэрдэмщІакІуэщ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и советыр.

ЛЪЭПКЪ Іэщ1агъэлІэр гъэхьэзырынымкІэ лэжьыгъэщхуэ зэфІэзыгъэкІауэ щыта «урыс педагогикэ десантым» хэтахэм - лІэщІыгъуэ блэкІам и 20-50 гъэхэм ди щІыпІэм щыІа егъэджакІуэхэм - я щІэхэр къэхутэжыным, абыхэм я гъащІэм теухуа дэфтэрхэр зэхуэхьэсыжыным ехьэлІа Іуэхуитіуэхэр мы зэманым щызэфІах куейм и курыт школ 10-м. Къэлъыхъуэныгъэхэр езыгъэжьІукІ гупхэм хэтщ егъэджакІуэхэр, еджакІуэ щІыкІуэхэр, абыхэм я адэ-анэхэр. Псори зэгъусэу щІыхуи 100-м нэс хьыхьащ а лэжьыгъэм. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьуажэхэм щІэныгъэм и нэхур революцІ нэужьым кьахуэзыхьауэ щытар урыс лъэпкъым кьыхэла егъэджакІуэхэрщ. Щалъхуа щІыпІэхэр кьаныгъэрэ, ахэр кьэЗэпхъуащ нужькІэ хэхуэ яхуэхуэ ди республикэм, кьэралым кьахуиГъэува кьалэныр, я педагогикэ пщэрыльыр яГъэзэщІэн папщІэ, - жеІэ кьэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэм я кьызэрэсыжьыр, егъэджэныгъэмкІэ куей Іэнатіэм и методист Бесльэней Заинэ. - Нобэрей щІэблэм фІыщІэ ин яхудощІ ди адэшхуэ-анэшхуэхэр егъэджэным зи гуащІэ куэд езыхьэлІа а Іэщ1агъэлІхэм. Абыхэм я щІэхэр тщІэныр, я фэеплъхэр хьумэныр - дэтхэнэми ди кьалэну кьызэлъытэр».

Районым хьыхьэ жьылэхэм я архивхэм хэлъ дэфтэрхэр я льаб-жьэу, зэхэгъэуващ яп1э ита егъэджакІуэхэм я спискэхэр. Иджы абыхэм дыщІагъэжьынщ, КъБР-м и Архив хьумапІэм щІэлъхэм хэпльэурэ. Апхуэдэ щ1ыкІэкІэ зэхуэхьэсыжа тхыгъэхэр ныжькІэ кьыдагъэхьынущ фэеплъ тхылъ щхьэхуэу. Кьинэмыщ1ауэ, щІыпІэм кьыщыізэрагъэпэщынущ «Абыхэм ди адэшхуэхэр, анэшхуэхэр ирагъэджащ», «Гум ехьумэ», «Егъэджакіуэр щІыхупсэр зыуэщІ щІыхущІэлэгъуалэ акцэхэр.

КІАРЭ Элинэ.
Шэджэм район .

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщIэт, былымыл гъэгъупцIа, кIэртIоф хэлъу

Абы щхьэкIэ лы гъэгъупцIар эпэаупщI г 50 - 60 хъуэрэ, псы хуабэкIэ ятхьэщI, шыуаным ираугъхьэри псы щIыIэ щIакIэ, мафIэ гуащIэм тету зэ кьыгтрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ. МафIэр цIыкIу ящIри шыуаныщхьэр тепIауэ сыхьэтрэ ныкъуэрэ-сыхьэтитIкIэ къаГьавэ, зззэмызэ тхъурымбэр кьытрахыурэ. Шыгъу хадэ, Іупщ1эурэ упщIэтэ кIэртIоф укъэбза хатъхьэри зэлащIэ, зэ кьытрагъэкъуалъэри мафIэр цIыкIу ящI. Шыуаныщхьэр трапIэри ягъавэ дакъикъипщI-пщыкIутху хуэдизкIэ. Абы хатъхьэ щимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэ. Шыуаныщхьэр трапIэжри хьэзыр хьуху ягъавэ. Хьэзыр хьуа хьэнтхъупсым хатъхьэ бжьыныйху, шыгъу, шыбжий фIыщIэ хьэжа. Iэнэм фалъэ куукIэ пщтыру трагъэувэ. Пластэ щIыIэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ дашх.

Хатъхьэхэр *(цIыунтI ныхьэ):*
былымыл гъэгъупцIауэ - г 300
лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1500
кIэртIоф хэзыгъэуэ - г 200
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 60
бжьыныхуу - г 50
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуэйм хуэдиз

КЪУБАТИЙ Борис.

«Кавказым - мамырыгъ» XVI дунейпсо фестивалым «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблыр къыщофэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● ГуфIэгъуэ

Хэхэс гъащIэмрэ адэжь хэкумрэ зэпащIэу

Хьэуа щIыIэтыIэмрэ тхьэмпэ дыщафэхэмрэ пIащIэу къытхуэзыхь бжьыхьэм хъыбар гуапи къыдэкIуащ. Гъэм и зэман нэхъ дахэхэм ящыщ зым зы гъащIэ гъуэгуанэ щыззэдытеуващ Тыркум щхьэ Токьат вилайетым щыщ Козлу жылэм щыпсэу абазэхэ щIалэ Цей Абдулыхьрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Аруан къуажэм щыщ Хьэщэхэ Борисрэ Ритэрэ япхьу Мадинэрэ.

Зи адэжь щIынальэм и нэр къыхуикIыу къэхъуа Абдулыхьрэ хьэжрэтхэм я гъащIэм сыт щыгъуи игъэпIейтеуэ щыта Мадинэрэ я нэчыхьыр хэхэсхэмрэ хэкурыслэхэмрэ зэпызыщIэ зы лъэмыж цIыкIу хьуащ.

Цейхэ Къадирэ Дилберрэ я щIалитхум я нэхъыжьщ Абдулыхь. Хэкум пэIащIэу псэу дэтхэнэ зы унагъуэми хуэдэу, Цейхэ я псэм хэльт езыхэр лъэпкъкIэ зыщыщ Адыгейр, адыгэ лъэпкъым, щыгум я фIыпIэр здэщыIэ Къэбэрдей-Балькъэрыр. И адэжь лъахэм щыхьэщIэну къэкIуа Абдулыхь и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр къыщежьэлар Налшыкщ. Абы цIыхугъэ къыхуэхъуащ адыгэбзэ шэрыуэ зыIуры1ь, хабзэ зыхэль Хьэщэхэ я хъыджэбз Iэдэбыр. Тхьэщхъуэм пхуигъэхьэзырам фIэкIыпIэ иIэкъым - Мадини щIалэм егузкIуащ, и гупсысэкIэкIи, и дуней тетыкIэкIи дагъуэнщэу къыщыхъуащ. Абдулыхь Тыркум игъэзэжа нэужь, ахэр телефонрэ ИнтернеткIэ зэрыщIащ, щIалэр зыбжанэрэ лъагъунЫагъу къэкIуащ.

Абдулыхьрэ Мадинэрэ иджы Истамбул щопсэу - щIалэр абы щолажьэ. Абдулыхь и псэр сыт щыгъуи хэкумкIэ щыIэт, абы щыпсэуну мыIэпхъуэжьафми, нэхъ пэблагъэ зэрызищIын Iэмалхэм егупсысыр: «АрбыхьэкIэ Тхьэщхуэм псори зэригъэззэхуауэ къыщIэкIащ, - жеIэ абы. - Кьэшэнхэм сащыхэпльэм деж япэ изгъэщыр си бынхэм анэ яхуэхьунум анэдэльхубззэр Іурылъын зэрыхуейрат. Ар адэз си гум щыгъэпщкIуауэ кьызэдесхьэжIырт сыт щыгъуи. БалигъыпIэ сиувэу, сызэрыпсэун къэлэмэжьыжу сыхьэуа нэужь, хэкум сыхуэныкъуэу спкъырт узыр згъэхъужьын мурадкIэ, ильэсым зэ нэхъ мыхьэми адэжь щIынальэм сыкIуэжурэ зыщыспльыхьыну тезухуащ. Апхуэдэ мурадщ хэкум сыкъэзышэжар, аращ си насыпри къыщызгъэутар».

Абдулыхьрэ Мадинэрэ диалект зырызщ зэрыпсальэр, ауэ адыгэбзэр зи псэм хэльхэр, лъагъуныгъэр зи гум ильхэр сыт хуэдэ IэмалкIи зэрызэгурыIуэфынум шэч хэлькъым. НыбжьыщIэхэм гъащIэ гъэзэуанэ кIыхь къызэдакIуну, быныфIэу, насыпыфIэу зэдэпсэуну дахуохъуахьуэ, ди зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэ зэращIам гур хигъахьэуу.

● ГушыIэхэр

Зэхуэс

Гукъыдэжьыншэу школым къыкIыжа щIалэ гупсэкIыр и адэм бгъэдыхьауэ жреIэ:

- Папэ, пщэдей ди школым адэ-анэхэм я зэхуэс щыIэщ. Ауэ егъаджакIуэм зэрыжиIамкIэ, зэхуэсым куэд хэтынукъым.

- Сыт абы къикIыр? - щIопщIэ адэр.

- Уэ, сэ, школым и унафэщIыр дызэхуэзэну аращ, - жи сабиим зрильэфыхьурэ.

Сожей

ЗэныбжьэгъуитI зопсальэ:

- Пщэдджыжьым сыхьэтыр къыщеуэкIэ, фочкIэ къызэуауэ фIэкIа къысщыхъуркъым.

- Укъигъащтэу укъыщыIытэ?

- Хьэуэ, яукIам хуэдэу сожей.

● Цыхухэхуэхэм я гупсысэхэр

Макъамэр зыми хуэныкъуэкъым

Псалъэхэр макъамэ щыхуэныкъуэ щыIэщ, ауэ макъамэр зыми хуэныкъуэкъым.

ГРИГ Эдвард.

ЦIыхум шыIэныгъэшхуэ хэлъын хуейщ, цIыхуу къэнэжьи папщIэ.

МАРКОВ Аврелий.

Ахьшэ къэблэжьыныр лIыгъэщ, пхьынэныр гуфэныгъагъэщ, зэбгъэззэхуэныр зэчийщ.

АВЕРБАХ Бертольд.

Акьыл унмыIэххэныр нэхъыфIщ, делагъэкIэ къэбгъэсэбэп нэхърэ.

ОСТИН Джейн.

● Хьэуэхъу



ЕгъэджакIуэм и махуэм ирихьэлIэу дехьуэхъуну дыхуейщ Хьэтуей дэт курыт школым и унафэщI Дол Светланэ, ди класс унафэщI БищIоАхьмэдхъан, ди егъаджакIуэ псоми. Фи Iэщ1агъэ мытынышым кьыпэкIуэ хьерым фрибжьыфIуэ, унагъуэ нахьыпэ фыщымыщIэу, фи мурад къывэхъулIэу куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу!

Псом хуэмыдэу дыхуэарэзыщ 11-нэ -б- классыр зи нэIэ дыщIэт, урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Бищ1о Ахьмэдхъан. Ар зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщыкI, дэтхэнэ зы еджакIуэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къаХуэзыгъэтыф, дерсхэр щIэщыгъуэу езыгъэкIуэкI, ныбжьыщIэхэр гъуэгу захуэ тезыгъэувэф Iэщ1агъэпI гумызагъэщ. Ахьмэдхъан лэжьыгъэм хуиI гукъыдэжым хэмыщIу, иригъаджэхэм зэхащIыкIрэ фIыщIэ къыхуащIу, и гу къабзагъэр мыкIуэщIу куэдрэ лэжьэну дыхуохъуахьуэ!

Хьэтуей курыт еджапIэм и 11-нэ -б- классым щIэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIы: **1**. « ... зэщ» - Молэ Владимирр Джэдгъэ Борисрэ я уэрэд цIэрыIуэ, Сокъур Ольгэ игъэащIу. **4**. Хьэцэпэцэхэм я щхьэкIэ. **7**. Берычэт, хьер зыщIэмыльэ. **10**. Дзрбзэр хъэпшып. **11**. Таурыхъ, шыпсэ, ... **14**. Унагъуэ псэущхьэ. **17**. Колхозым Iэщ ... иIэщ. **21**. ... зимыIэм шкIэ щIешIэ. **22**. Уэс кьесагъащIэм IупщIу хыболъагъуэ бажэ ... **23**. Пасэрей зауэIым и джанэ. **24**. КIуэ пэгми ... зымыкIу. **25**. Фэ кIапсэ зэрыхьам кьыхэщIыкIа, нэхъапэхэм ящыгъыу щыта цIыхухъу вакъэ. **26**. Данэ щэкI пащIэ. **28**. Муслымэн диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр зэи имыкIыу жэнэтым ис пщащэ. **29**. Уэрэсрыжь и фIыгъэкIэ нартхэм кьагупсыса Iэмэпсымэ. **30**. Цыхубзхэм (цIыхухъухэм я нэхъыбэмэ) кьызэрыкIэ Іхьэпшып цIыкIу. **31**. Жэм мэжэлIам и ... макъ. **35**. УнафэщIыхэм и кьулыкъур ... хэхьнПэ ищIащ. **36**. Совет Союзым и Лыхъужь Иуан ... **37**. Пасэрейхэм Iэщхэм я тхьэу къальытэу щыта. **39**. Зэпымыуу уэс зытелъ бгы.

ФокIадэм и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIы: **7**. Лэгъупэжь. **8**. Хьилэшы. **9**. Iэбгъэ. **10**. Гъунапкъэ. **12**. Пэнагуэ. **14**. Сыр. **16**. Жумэ. **18**. Псэху. **21**. Нысэ. **24**. Щхьэм. **25**. Іущхьэ. **26**. Хьери. **29**. ХьэмкIэ. **30**. ПщIащэ. **31**. Амдэч. **34**. Арму. **35**. Бахъуэ. **36**. Кьынин. **38**. БаIуэ. **39**. Аркъэ. **40**. Фэбжь. **42**. Дэхъу. **45**. Лъэхъэнэ. **47**. Данагъуэ. **49**. Аруан. **50**. Ерыскъы. **51**. ІумпIафIэ.

Кьехыу: **1**. Благъуэ. **2**. Нэпкъ. **3**. ТкIуэпс. **4**. Елгъэр. **5**. Гуимэ. **6**. Хьыдэдэж. **11**. Пажэ. **13**. Нэхущ. **15**. Шындэбзий. **17**. Мащэ. **19**. Сурэ. **20**. ХьэщхьэрыIуэ. **22**. ЛъэгуащIэуэ. **23**. Пхъэщабэ. **27**. ШкIэ. **28**. Аму. **32**. Арыкъ. **33**. Тхьугъэ. **37**. Мэщ. **38**. Бжьым. **41**. Альтес. **42**. Дурэщ. **43**. ХъумакIуэ. **44**. Дэбэч. **46**. Накъэ. **48**. Армэ.



Жыг ку гъуанэ

● Жьынду Іущым и таурыхъхэр

Дыгъэр кьуэхьэри, гъэмахуэ пщыхьэщхьэр кьыхьащ. Жыгым идэ ныбжьхэр нэхъ кьыхь хъуауэ, мэзыр щIыIэтыIагъэм зэщIещтэ. Нанэ лъэтэкIэ сигъасэрт. Сэ сьжькынэ пIырыпIыжь цIыкIутри, дыхьэшхэну фIэкIа сыIэтэфырэкъым. Ауэ нанэ сытригъэгушхуэрт, си дамэхэри сшэщIыкIэ, кьыгъэшгъуэрт. ЛъэтэкIэм зыхуэзгъэсэныр си дежкIэ гуфIэгъуэт. Ди унагъуэр щыпсэу жыгым и зы кьудамэм дыгъуасэ сытелъэтыкIри, адрей кьудамэм нэс сыпльэтэфащ. Нобэ нанэ кьыззжIащ гъунэгъуу щыт жыг щхьэ баринэм нэс сыпльэтэну. А жыгыр апхуэдизкIэ баринэти, гъунэгъуу щыт адрей жыгхэм кьудамэхэмкIэ ятьэIэсырт. Сэ сыкьэгуэзващ: схуэзфIэмыкIэ-щэ? Ауэ нанэ егъэрадкIуэ Іэзэ дыдэщ. Си дамэхэр зыбжанэрэ тезгъауэри, гъунэгъу жыгым и кьудамэм нэс сыпльэтащ. Сыту фIыуэ-тIэ! Абдежьм жыг лъэдийм иIэ ку гъуанэщхуэм гу лыьстащ: щхьэгъубжэм ещхьт ар. Сипльэну сигу кьэкIауэ зыщыщсшийм, нанэ и гуапэ мыхьуэуэ зыщIэдэIукIащ...

Дакъикъэ зыбжанэ дэкIа иужь абы жиIащ:

- Кьыздэдэуэт, цIыкIуэ! Мы иныщхуэр зыгейщ. Зэгуэрым ар жыгыщIэ цIыкIуу щытащ, жыбгъэм игъэкIэзыз тхьэмпэ зыбгъупщI фIэкIа пымыту. Езыри, жыбгъэ ин кьепщэмэ, адэ-мыдэкIэ иригъащIэрт. Ауэ жыгейр жыгеящ. Зэман дэкIри ар иныщхэ, лъэщ щыхьэм, пагагъэр кьытекIуащ. Зы псэущхьи абы и деж щхьин псэупIи кьыщилъыхьэрэтэкъым. Зы зэкъуэ ищIыхуртэкъым. Арати, жыг пхьафэр зыщхьэпIащIэхэр кьеуэсащ. ЯпэщIыкIэ жыгейм абыхэм гу яльитакъым. Ауэ хьэпIащIэхэр куэдыкIей хьури, жыгеят пхьафэр щэщынчи нэсащ. Лдежьмк жыгейм кьыгурыIуэжащ и щыгъуэгъэ - ауэ и узым и закъуэ пэльэщынутэкъым. Нэщхьей кьэхъуащ... И щыгъэ баринэхэри кьелъэхъыщащ...

Гъунэгъу жыгым и жыгыIуэр щыпсэурт. Ар жыгхэр гъэхъужьыныжьмкIэ Іэзэ дыдэт. Кьыгурыуащ абы жыгейр и дуней тетыкIэу щытам зэрыригъэкIытэжьи, бзу щIыкIуэм я жагъуэ зэрищIу щытамкIэ зэрыхущIегъуэжьыр. Арати, жыгыIуэр абы еIэзэу щIидзащ. Гугъут ар зыIуува Іэнатlэр. И закъуэ хьэпIащIэхэм ятьэпльэщыртэжьым. Жыгыщ1ум кьыдэIэпыкъуну адрей и ныбжьэгъу бзуХэри кьэльэтащ. Кьыгуугури кьраджащ. Зэгуры1уэ зэдэлажьэри, бзуХэм жыгейр зэгъэжьэбзащ. Абы кьудамэщIэхэр кьыдэжьыжащ. И щхьэ баринэри льагъу иIэтыжри, бзуХэр кьригъэблэгъащ и дежи щигъэпсэну. Иджы епль абы и ку гъуанэхэм щыпсэу бзуХэм я куэдагъым.

Си щхьэр кьэсIэтри, жыгыщхьэм сыдэпльеящ. Пэжщ... Абгъуэ инхэри цIыкIуэри зыр щIэщIэсу кьудамэхэм фIэзт. Фэтэр куэду зэхэт чэщанэм ещхьт а жыгыр.

- Нанэ, хэт мобы исыр? - си дамэр сшящу ку гъуанэмкIэ.

- Щэхуу... Абы кIэпхь щопсэу. Иджыпсту абы шыр цIыкIу зэраншуэр иIэщ. Ар махуэ псом абыхэм якIэльопльэ. ТIэкIу щхьэукъуахэщ иджыпсту. Зрегъэнсэху кIэпхь анэми. Ау гъуанэр жьыIуIум и чэнджэщкIэ псэупIэ а зэрыбыним ящIащ. Щэху цIыкIуу ипльэт...

Сипльэмэ... сыту телыьджэ! Ку гъуанэр фэтэр дыдэм хуэдэщ. Кьабзэ дыдэу эзпьыIухащ, шхын гъэтIылъыгъэхэр пIланэпэм щыIэтельщ.

- Уэ!, плъэгъуа! - зысхуэшыIакъым сэ, згъэщIэгъуащ.

А напIэзыпIэм нанэ кьыскIэщIэуэри жыгей щIагъым сыкьыщIэхутащ. Сышынэнуи сыхунэсакъым, нанэ кьызбгъэдэтт. Ар кьыззшхьдащ: кIэпхь шырхэр кьэзгъэуш пэтащ. Сэ ар зыкIи си жагъуэ сщIакъым. ИтIанэ, нанэ сригъуэсэмэ, сэ сышынэхэхэркъым: унэм тэмэму дынэсыкьынущ. Зэрыкъуари аращ...

ГУРОВЭ Людмилэ.
Зэзыдзэкар **МЭЛЕЙ ФатIимэщ.**

Редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьлаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжькъаер Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

КьыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къабардей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхъухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхъущ1анIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхъущ1анIэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхъугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм ирэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Іуэху ельыкIэр зэтехуэ зытеуцIыгъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и щIэ дэльщ КъБР-м и федеральнэ инщт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыдэгъэзэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хьэмэныкIэ Къабардей-Балькъэр щIыналъэ Іуэхъущ1анIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорэу Мырзэкъан ФатIимэ** *(3, 4, 5-нэ нап.), Пхытlыкl Азэмэт (1, 2, 6-нэ нап.). КомпьютерkIэ газетым и тепхэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахъэ Марианэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Гъурыжь Мадинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №2542